



Asire chak elèv vini yon bon lektè

Chè Nouyòkè:

Aprann li se youn nan etap ki pi enpòtan nan edikasyon yon timoun, epoutan yo neglije twòp elèv lè yo pa bay sipò ki nesèsè pou devlope konpetans fondamantal sa a. N ap travay di pou retire baryè sa a... ak nenpòt baryè pou aprann li byen.

Ane lekòl sa a, nou te lanse yon pwogram pilòt sou alfabetizasyon nan salklas yo atravè senk borough yo. Yo fè apwòch global sa a, premye nan sans sa a pou leve defi alfabetizasyon, pou idantifye elèv ki an danje epi bay yo entèvansyon espesifik yo bezwen pou yo reyisi.



Epi 9 fevriye, Manm Asanble Robert Carroll ak mwenmenm te anonse yon envestisman \$100,000 nan pwogram espesyalize pou elèv ki gen dislekski ak lòt andikap pou aprann lang.

Avèk fon sa yo, PS 107 ak PS 295 nan Distri Lekòl Kominote 15 nan Brooklyn pral rantre nan pwogram pilòt Lekòl Alfabetizasyon Estriktire nou an. Edikatè nan lekòl sa yo pral resevwa yon fòmasyon apwofondi sou ansèyman lekti ki baze sou prèv; yo pral ankontak tou avèk estaf ekspè anplis ki pral bay ansèyman espesifik, enstriksyon nan ti gwoup nan klas otonòm pou elèv ki gen risk pou dislekski oswa pou elèv yo dyagnostike pou dislekski.

Lè nou ranfòse premye siksè nou deja genyen ak ogmante pwogram pilòt ansèyman espesyalize nou an, lekòl nou yo ap bay elèv nou yo yon bon demaraj...epi y ap prepare yo pou avni briyan—kòm lektè akonpli ak elèv ki kwè nan tèt yo.

Plane wo,  
David C. Banks  
Chanselye lekòl yo

## Videos

Semèn sa a, nou kontan pou ajoute PS+You—Instagram reels Chanselye Banks ak [videyo chak semèn Majistra Eric Adams](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Tradiksyon videyo a disponib atravè tradiksyon otomatik nan YouTube.

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).